# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–10 नवम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु सफाई से जुड़ल विशेष अभियान के चउथा संस्करण क सराहना कइलें। दुइ हजार इक्कइस के बाद कचरा बेचले से दुइ हजार तीनि सौ चौसठ करोड़ रूपिया के राजस्व समेत कई गो खास उपलब्धि मिलल हौ। केन्द्रीय मंत्री डाक्टर जीतेन्द्र सिंह के एगो सोसल मीडिया पोस्ट के साझा करत श्री मोदी कहलीं कि अभियान क सफलता ई देखावत हौ की सामूहिक कोसिस से ठोस नतीजा पाइल जा सकेला। केन्द्रीय मंत्री अपने पोस्ट के जरिया से अभियान से जुड़ल आंकडा सार्वजनिक कइले हवे।

**********

प्रदेस क नौ विधानसभा सीटिनि पर बीस नवंबर के उप चुनाव बदे परचार जोरिया गइल हौ। भाजपा के सीनियर नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अम्बेडकर नगर के कटेहरि, मिर्जापुर के मझवां अउर प्रयागराज जिला के फूलपुर विधानसभा क्षेत्र मे जनसभा के संबोधित कइलें। कटेहरि जनसभा में उहां के केन्द्र अउर प्रदेस सरकार क प्रमुख योजना क चरचा कइलीं। उहां के आरोप लगवली कि समाजवादी पार्टी, अनुसूचित जाति अउर जनजाति के साथे अन्याय कइलें हौ। सपो के सीनियर नेता परचार अभियान में जुटल हवें। सपा प्रमुख अखिलेश यादव काल्हि लखनऊ में पत्रकारन से बतियावत आरोप लगउलें कि भाजपा क नीतियन के चलते गरीब, व्यापारी, किसान, युवा अउर नौकरीपेसा में लगल लोगिन के परेसानी उठावे के पड़ि रहल हौ।

**********

अजोध्या में मसहूर कातिक पुन्नवासी मेला के पहिला फेरा क चउदह कोसी पैकरमा आजु पूरा हो गइल। एकरे बाद पंचकोसी पैकरमा देवोत्थानी प्रबोधिनी एकादसी पर बिहने एक बजि के चउवन मिनट पर सुरू होई। ई बारह नवम्बर के दुपहरिया इग्यारह बजि के अड़तीस मिनट ले चली।

**********

मथुरा जिला में आजु भिन्नहीं सरधालु लोगि तीन वन क पनरह कोसी पैकरमा कइलें। ई मानल जाला कि अक्षय नवमी पर वृन्दावन, मथुरा अउर गरूण गोविंद के पैकरमा से अक्षय पुण्य मिले ला। एके तीनि वन पैकरमा के नावों से जानल जाला। आजु येह पैकरमा में लइकन से ले के बुजुरूगन ले राधे–राधे क जाप करत हिस्सा लिहलें।

**********

त्योहार मनउले के बाद अपने गंतव्य पर लउटे वालन क सुविधा बदे पूर्वोत्तर रेलवे के स्टेसनन के जोड़े वाला अट्ठाइस विसेस रेलगाड़ी आजु चलावल जा रहल हौ। मुख्य जन सम्पर्क अधिकारी बतउले कि अट्ठारह रेलगाड़ी पूर्वोत्तर रेलवे के स्टेसनन से चलावल जा रहल हौ। ओहीं बनारस कैंट स्टेसन से तकरीबन तीस विसेस रेलगाड़ी सतरह नवंबर ले कई जगहिन बदे गुजरी। येह में छह से बेसी रेलगाड़ी बनरसे से चली।

**********

प्रदेस मे बितल चौबीस घंटा में अलग–अलग सड़क हादसा में ग्यारह लोगिन के मउत हो गइल। ग्रेटर नोएडा एक्सप्रेस–वे पर आजु भिन्नही नोएडा से परी चौक जा रहल कार सड़क किनारे खड़ा ट्रक से टकरइले से कार सवार सज्जों पांच लोगिन के मउत हो गइल। ग्रेटर नोएडा के एडीसीपी–ट्रैफिक अशोक कुमार बतउलें कि ई हादसा आजु तड़के भइल। ओहीं हसनगंज थाना के लखनऊ–आगरा एक्सप्रेस–वे पर आजु भिन्नही एगो कार के सड़क किनारे खड़ी कंटेनर से टकरइले से कार सवार पिता अउर उनकर दुइ लइकन के मउत हो गइल। साहजहांपुर जिला के आल्हागंज थानाक्षेत्र में बितल रात दुइ मोटरसाइकिल क आमने सामने टकरइले से दुइ भाई अउर उनकर बहिन क मउत हो गइल।

**********

पूर्वी उत्तर प्रदेस के गोरखपुर अउर ओकरे आस–पास के जिलन में आजु मौसम में हल्का बदलाव देखल गइल। दिन में लोगि मामूली ठण्ड महसूस कइलें। बीतल चौबीसं घंटा में कहीं–कहीं छिछला से मध्यम कोहरा छाइल रहलि। मौसम विभाग पूर्वानुमान जतवले हौ की आगामी तीन दिन ले अइसने मौसम बनल रही। श्रावस्ती जिला में कोहरा के चलते दृश्यता कम रही। पछिला चौबीस घंटा में अजोध्या में सबसे कम न्यूनतम तापमान सोलह डिग्री सेल्सियस दरज कइल गइल।

**********

आजु विश्व टीकाकरण दिवस हौ। पूरा दुनिया में टीकाकरण के महातम के बतावे अउर बढ़ावा देवे बदे हर बरिस दस नवम्बर के ई दिन मनावल जाला। येह मौका पर गोरखपुर क मुख्य चिकित्साधिकारी डॉक्टर आशुतोष कुमार दुबे बतवलें कि लइकन के बारह किसिम क जानलेवा बेमारियन से बचावे खातिर जनम से पांच सालि ले सात बेरि नियमित टीकाकरण जरूरी हौ। सज्जो अस्पतालन में ई टीका निःसुल्क लगावल जाला। सथहीं, किसोरियन अउर गरभवतिनि के टीडी क टीका निःसुल्क लगवले क व्यवस्था हौ।

**********